



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 19 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO AK LIDÈ LEJISLATIF YO ANONSE AKÓ POU PWOJÈ LWA POU ETABLI PWOGRAM MARIJUANA MEDIKAL KONPLÈ

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak lidè lejislatif yo jodia te anonse yon akò sou yon pwojè lwa ki pral etabli yon pwogram marijuana medikal pou eta New York. Lejislasyon an gen ladan pwovizyon pou asire ke marijuana medikal rezève sèlman pou pasyan yo ki gen kondisyon grav e li distribye ak administre nan yon fason ki pwoteje sante ak sekirite piblik.

“Lejislasyon an etabli yon jis ekilib,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Marijuana medikal gen kapasite pou fè anpil bon bagay pou anpil moun ki gen doulè ak soufri, e ki gen bezwen dezespere pou yon tretman ki pral bay sèten soulajman. Anmenmtan, marijuana medikal se yon kesyon difisil paske gen risk pou sante piblik ak sekirite ki dwe evite. Mwen kwè pwojè lwa sa a se vrè balans, e mwen aplodi manm yo nan lejislati a ki te travay san relach sou mezi sa a.”

Ko-lidè sena Jeffrey D. Klein te deklare, “Anba lejislasyon sa a, New York pral genyen youn nan pwogram marijuana medikal ki pi ansekirite, efikas nan peyi a. Nan pran etap istorik sa plizyè milye pasyan ki dezespere pral jwenn soulajman ak tretman yo bezwen. Pwogram sa pral evolye nan tan reyèl kòm lasyans ap devlope pou asire yon pwogram ki santre sou pasyan, oto-soutni.”

Prezidan Sheldon Silver te deklare, “Nan non manm Asanble Majorite ak prezidan Komite Sante Dick Gotfried, kite mwen di kijan mwen kontan ak soulaje paske nou te rive atenn akò sa a. Gen Nouyòkè toupatou nan eta nou an, fi, gason ak timoun, ak maladi feblès grav oswa kondisyon ki menase lavi, ki gen sèl sous sekou se tretman ki ansekirite ak efikas avèk marijuana medikal. Mwen ta renmen konplimante Gouvènè Cuomo ak tokay nou yo nan sena paske yo te travay ansanm pou jwenn yon konsansis ki enpòtan anpil pou Nouyòkè ak fanmi yo kap soufri.”

Senatè Diane Savino te deklare, “Jodia make yon viktwa istorik pou plizyè Nouyòkè ki pral soufri initilman pandan batay medikal kouraje yo. Daprè pwojè lwa sa a, Nouyòkè yo pral kounye gen menm aksè a opsyon tretman kap chanje lavi ke lòt moun nan peyi a te genyen. Jodia nou selebre vitwa sa a avèk inonbrab pasyan, fanmi, defansè, pwofesyonèl swen sante ak doktè yo nou tout te lite avèk pasyon pou itilizasyon marijuana medikal ki san danje ak fyab nan kad yon kou tretman konplè pou maladi ak

Haitian Creole

soufrans.”

Manm Asanble Richard Gotfried te deklare, “Sa se yon viktwa fòmida pou pasyan yo. Si pasyan ak doktè a dakò ke feblès grav oswa kondisyon kap menase lavi ta dwe trete avèk marijuana medikal, li kriyèl pou gouvènman kanpe nan chemen an. Nou te entegre anpil nan sijasyon gouvènè a ke posib, e lejislasyon konpreyansif, ki strikteman reglemante pral pote soulajman a plizyè milye Nouyòkè yo.”

Marijuana Medikal Rezève pou Pasyan yo ki gen Kondisyon Grav:

Pou asire ke marijuana medikal disponib sèlman a pasyan yo ki gen kondisyon grav ki kapab plis benefisyè nan tretman, lejislasyon an etabli yon sètifikasyon ak pwosesis anrejistremant pou doktè yo administre dwòg la.

Pou preskri marijuana medikal, yon pasyan dwe resevwa yon sètifikasyon ki soti nan men yon pratisyonè ki gen lisans ki dwe anrejistre avèk Depatman Sante e ki kalifye pou trete kondisyon grav pou sa pasyan an ap chèche tretman. Kondisyon grav la pou sa yo ka preskri marijuana medikal la se kansè, VIH/SIDA, ALS (Maladi Lou Gehrig), Maladi Parkinson, miltip slegrosiz, andomaje tisi nève mwèl epinyè avèk endikasyon newolojik objektif nan spastisite entraktab, epilepsi, maladi anflamatwa entesten, newopati, maladi huntington, oswa jan li ajoute pa Komisyonè DOH.

Pou asire marijuana medikal nan men sèlman moun ki nan bezwen ak founisè swen sante yo, Rejis Kat Idantifikasyon pral pibliye pa DOH a pasyan ki sètifye yo. Kat la ta gen ladan nenpòt rekòmandasyon oswa limitasyon nan fòm oswa dozaj ki enpoze pa pratisyonè ansanm avèk lòt enfòmasyon. Depatman an ta anmezi pou sispann oswa revoke kat yon pasyan ki volontèman vyole nenpòt pwovizyon nan nouvo lwa la.

Konpayi asirans yo pap egzije pou yo bay pwoteksyon asirans pou marijuana medikal.

Administre Marijuana Medikal san danje:

Nenpòt fòm marijuana medikal ki pa apwouve pa Depatman Sante entèdi, e nan okenn sikonstans yo pap otorize fimen. DOH pral pibliye liy direktiv ki reglemante kantite dozaj ki otorize, e pasyan yo pa p otorize pou posede yon kantite marijuana medikal ki depase 30 jou apwovizyonman. Anplis, yo ta mande pou pasyan kenbe marijuana medikal nan anbalaj orijinal li te distribye a.

Lejislasyon an mete anplas yon pwosesis pou pasyan yo jwenn, ak fabrikasyon yo pou distribye marijuana medikal la. Óganizasyon yo kap chèche pou fabrike oswa distribye marijuana medikal la dwe anrejistre avèk DOH epi konfòme a yon lis règleman spesifik. Anrejistremant an ta valab pou dezan alafwa, renouvlab, e sijè a revokasyon. Óganizasyon ki anrejistre yo ta gen obligasyon pou konfòme avèk sekirite strik ak egzijans pou kenbe dosye yo. Lejislasyon an pèmèt pou senk òganizasyon ki anrejistre ki kapab yo chak opere jiska kat dispansè nan tout eta. Anrejistremant idantifikasyon ak anrejistremant pou òganizasyon yo ta pibliye pou 18 mwa apre dat efektif pwojè lwa, amwenske DOH sètifye ke nouvo

Haitian Creole

pwogram lan pa kapab enpleman annakò avèk enterè sante piblik ak sekirite.

Òganizasyon ki anrejistre yo ta anmezi pou distribye marijuana medikal la a moun yo ki prezante yon kat idantifikasyon anrejistremant. Óganizasyon an pa ta kapab distribye nan yon kantite ki plis pase yon trant jou apwovizyonman a yon pasyan. Marijuana medikal ta distribye nan yon anbalaj ki sele e ki gen bon etikèt avèk yon kap sekirite ki enkli. Tout fabrikasyon ak distribisyon marijuana medikal pa òganizasyon ki anrejistre yo ta fèt nan New York e òganizasyon ki anrejistre yo ta gen kontra avèk yon laboratwa endepandan pou teste marijuana medikal la.

Penalite sevè pou moun ak doktè ki abize pwogram marijuana medikal la

Lejislasyon la fè l vini yon felony klas E pou yon pratisyonè sètifye yon moun kòm elijib pou fasilite posasyon marijuana medikal si li konnen oswa rezonableman li ta dwe konnen moun kap mande li a pa gen bezwen pou li. Lejislasyon an egalman fè l vini yon krim pou benefisyè marijuana medikal yo vann oswa achte marijuana medikal, oswa konsève odela sa ki nesesè pou tretman marijuana pou pwòp itilizasyon yo oswa itilizasyon lòt moun.

Distribisyon Revni Taks nan Marijuana Medikal

Lejislasyon an mete anplas yon 7 pousan taks asiz sou chak vant marijuana medikal pa yon òganizasyon anrejistre a yon pasyan sètifye oswa yon moun kap bay swen yo deziyen. Pwouvi ki soti nan taks asiz la ta atribue jan ki annaprè a: 22.5% a konte nan eta New York kote marijuana medikal te fabrike; 22.5% a konte a nan eta New York kote marijuana medikal te distribye; 5% a Biwo Alkòl ak Sèvis Abi Sibstans Eta pou itilize pou prevansyon abi dwòg adisyonèl, sèvis konsèy ak tretman; ak 5% nan Sèvis Jistis Divizyon Kriminèl pou sipòte mezi aplikasyon lalwa ki gen rapò a lejislasyon sa a.

Lejislasyon an bay DOH otorite pou pibliye nenpòt règleman ki nesesè pou enpleman pwogram marijuana medikal eta, ansanm avèk fikse yon pri. Gouvènè a ta egalman pèmèt pou sispann oswa mete fen a nenpòt pwovizyon pwogram ki baze sou rekòmandasyon Komisyonè a oswa sipè-entandan.

Pwojè lwa ta rantre anvigè imedyatman ak kouche solèy nan sètan.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418